ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№122 (23.530) ● 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 30, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм икІыу хьэжыщІ кІуэнухэм ядэІэпыкъунымкІэ къыззэгъэпэщакІуэ комитетыр убзыхуным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм икІыу исЛэмым и щІыналъэ лъапІэхэу Мэчэрэ Мадинэрэ хьэжыщІ кІуэнухэм ядэІэпыкъун мурадкІэ:

1. 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм икІыу хьэжыщІ кІуэнухэм ядэІэпыкъунымкІэ къыззэгъэпэщакІуэ комитетыр убзыхуэ икІи абы хэтхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэшхэм зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ организацхэмрэ чэнджэщ етын хьэжыщІ кІуэнухэм ядэІэпыкъуну.

3. Мы унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м
№62-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м кьыдигъэкІа унафэ №62-РГ-мкІэ къиштащ

2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм икІыу хьэжыщІ кІуэнухэм ядэІэпыкъунымкІэ къыззэгъэпэщакІуэ комитетым

хэтхэр

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іыр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэщ)*

Ахъуэхъу Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Ахматов Н. Хь. - «Мир» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ псалащІэ фондым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Бахъуэ А. Хь. - Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерству Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Бэджыдэ Ю. М. - Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм Гъэзгухэм шынагъуэншэу щызекІуэнымкІэ и къэрал инспекцэмкіэ и управленэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Бесчокъуэ А. Ш. - Минераловодскэ таможнэм и Къэбэрдей-Балъкъэр таможнэ постым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Гергоков Д. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьнымрэ лъэпкъхэм я Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщым и къуэдзэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым жъуап зыхь и секретарщ)*

Дзасэжь Хь. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и МусЛымэнэхэм я дин Іуэхущ1ап1эм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Къуэжей А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал кІуэцІ политикэмкіэ и управленэм и унафэщІыр

Къудей А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр

КІуращын А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьнымрэ лъэпкъхэм я Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІыр

Пагуэ Ж. А. - ЩэхуакІуэхэм я хуитныгъэхэр хъуэныжьрэ щІыхум и зэІуэпэщ псэуКІэмрэ я Іэнатіэм щыкІэлъыплъыныжьмкІэ федеральнэ къулыкъущ1ап1эм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ Іуэхущ1ап1эхэм зегъэужьныжьмкІэ, цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1ап1эхэмкіэ и комитетым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Расторгуевэ С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министрыр.

КІуэкІуэ Юрий и пашэу Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа делегацэр Урысеймрэ Беларусымрэ я щІыналъэхэм я IV зэхыхьэшхуэм хэтщ

КІуэкІуэ Юрий и пашэу Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа делегацэр Урысеймрэ Беларусымрэ я щІыналъэхэм я IV зэхыхьэшхуэм и лэжьыгъэм хэтщ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советымрэ Беларусь Республикэм и Лъэпкъ Зэхуэсым Республикэмкіэ и Советымрэ я жьауэм щІэту мэкъуауэгъуэм и 29 - 30-хэм Москва щрагъэкІуэкІ а зэІущІэр теухуауэ технологиехэм, инновацэхэм, информацэ зэгухьэныгъэхэм я Іэнатіэм щыналъэхэр зэрыщІэздзалажьэм зегъэубгъуным.

Мы Іуэхум хиубыдэу къэралитІым я парламент комиссэхэм я зэІущІэхэр къыззэрагъэпэщынущ, министерствэхэм, ведомствэхэм я лэжьакІуэхэр, урысей, беларус бизнесменхэр зэхуэзэнущ, урысей щІыналъэхэм я сату-экономикэ, инвестицэ проектхэр ягъэлъэгъуэнущ.

Зэхыхьэр къыззэрагъэпэщащ властым и лІыкІуэ, гъэзэщІакІуэ Іэнатіэхэм щылажьэхэр, хьэрычэт Іуэхум пыщІахэр зэхуагъэзэн, экономикэм щІэгъэхуэбжьауэ зезыгъэужьыну хабзэ мардэхэр къэщтэныжьмкІэ чэнджэщхэр зэхалъхьэн папщІэ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

● КъБР-м и Парламентым

Хабзэхэр зэрагъэзахуэ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ зи чэзу зэІущІэр иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ.

АБЫ ЩЫЗЭПКЪРАХАЩ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и инвестицэ Іуэхуэхэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн» законопроектымрэ «КъБР-м и Іуэхущ1ап1эхэм я мылъкум техьэ налогым льготэ хуэхьыныжьрэ инвестицэ здэщІы щІыналъэхэм щылажьэ Іуэхущ1ап1эхэм я хэхъуэм хуэзэ налогыр гъэмэщІэнымрэ ятеухуауэ» КъБР-м и Хабзэмрэ.

КъБР-м и Парламентым Экономикэмкіэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт Іуэхуэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Іэпщэ Заур** зэрыжиІамкІэ, къагъэлъэгъуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хуэгъэзащ промышленностым епха Іуэхущ1ап1эщІэхэр республикэм къыщыззгъэпэщыным, инвестицэ Іуэхуэхэр пхызыгъэкІ щІыналъэхэм къэрал дэІэпыкъуныгъэ зэрырат Іэмалхэр нэхъ тынщ щыным.

Депутатхэр хэплъащ «КъБР-м фэтэр куэду зэхэт и унэхэр зэгъэпэщыжыным теухуауэ» КъБР-м и Хабзэм. КъБР-м и Парламентым Хъуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэмрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ и комитетым и унафэщІ **Гриневич Валерий** жиІащ законопроектым ипкъ иткІэ, унэхэр зыхуэй щыхуагъазэкІэ къызэрагъэпэщыну Іуэхутхьэзэхэр нэхъыбэ зэращІар.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ «КъБР-м ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетыр 2017, 2018, 2019 гъэхэм ятещІыхьауэ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ пархэм ятеухуауэ» КъБР-м и хабзэхэм. Апхуэдэуи КъБР-м и Парламентыр 2017 гъэм и бжыхьэ лэжьыгъэр зытеухуауэ щытынур яубыдхуащ. Псалъэм папщІэ, депутатхэм я мурадщ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм законодательнэ жэрдэм зыбжанэ ирагъэхьыну, комитетхэм республикэм и щІыналъэхэм зэІущІэхэр щрагъэкІуэкІыну, Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм теухуауэ «СТОЛ хъурейхэр» къызэрагъэпэщыну.

КъБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэм унафэ хащІащ КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІу 2014 - 2016 гъэхэм щыта Шестирублев Сергей ЩІыхь тхьылъ етыным теухуауэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1ап1эмрэ.

Сарбашевэ ФатІимэ Магомет и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и унафэщым и къуэдзэ къулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и «л» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 5-2-нэ статьям, 38-нэ статьям и Іыхьэ 2-м и пункт 11-м япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и аудиторым и къулыкъур щхьэщыхауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и унафэщІым и къуэдзэ къулыкъум илъэсих пІальэкІэ гъэувын Сарбашевэ ФатІимэ Магомет и пхъур.

2. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэмрэ яхуегъэхьын.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Налшык къалэ
2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м
№709-П-П

ЦІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэ бжыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещІыхьауэ 2017 гъэм и ящ кварталым гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м *Налшык къалэ* *№122-ПП*

«ЦІыхур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэ бжыгъэм и Іуэхукіэ» 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-РЗ-м и 4-нэ статьям и Іыхьэ 1-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм унафэ ещІ:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкіэ, цІыхуэхэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныжьмкІэ, социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм къызэрыхилъхьам илъэс иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэун папщІэ цІыхур нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэ бжыгъэр 2017 гъэм и ящ кварталым гъэувын ику иту зы цІыхум сом 10753-рэ, лэжьигъэ ныбжьым итхэм папщІэ сом 11169-рэ, пенсионерхэм папщІэ сом 8207-рэ, сабийхэм папщІэ сом 11687-рэ хъуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

Мусуков Алий хэтащ икІи къыщыпсэлъащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым шынагъуэншагъэ къыщыззгъэпэщыным, коррупцэм щыпэщІэтыным, хабзэр щыхъумэным теухуа Іуэхухэмкіэ ззэзгъэуІу зэхьхьэм

**Пятигорск къалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ Урысей Федерацым и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ Белавенцев О. Е. деж шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщыныжьмкІэ, коррупцэм пэщІэтыныжьмкІэ, хабзэр хъумэныжьмкІэ щылажьэ зэзыгъэуІу зэхьхьэм и зэІущІэ. Абы хэтащ икІи къыщыпсэлъащ

Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщIым и къулыкъур Гусевэ Татьянэ Виктор и пхъум щхьэщыхьым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2017 гъэм мэкъуаугъуэм и 29-м
Налшык къалэ №13/1-6

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхьныгъэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ щэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» 2002 гъэм мэкъуаугъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 28-нэ статьям и пункт 7-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iуэхукlэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхукlэ» 2003 гъэм щIышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №21-РЗ-м и 8-нэ статьям и Iыхьэ 5-м ящ.ятк Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщIым и къулыкъур и полномочиехэм я пIалъэр нэмысауэ, езыр къызэрылъэIуам къыхэкIыу щхьэщыхьи Гусевэ Татьянэ Виктор и пхъум, комиссэм хагъэхьэн папщIэ зэщIэхъуэзэда къарухэм я Май район организацэм къигъэлъэгъуам.

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1аIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ

Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм унафэ къэзыщIэхэм ящыщу хэтым и къулыкъур Гусевэ Татьянэ Виктор и пхъум щхьэщыхьым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2017 гъэм мэкъуаугъуэм и 29-м
Налшык къалэ №13/2-6

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхьныгъэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ щэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» 2002 гъэм мэкъуаугъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 29-нэ статьям и пункт 6-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iуэхукlэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхукlэ» 2003 гъэм щIышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №21-РЗ-м и 4-нэ статьям и Iыхьэ 2-м и «а» пунктым ящ.ятк Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм унафэ къэзыщIэхэм ящыщу хэтым и къулыкъур и полномочиехэм я пIалъэр нэмысауэ, езыр къызэрылъэIуам къыхэкIыу щхьэщыхьи Гусевэ Татьянэ Виктор и пхъум, комиссэм хагъэхьэн папщIэ зэуам, лэжьыгъэм, Iэщlэкlэ Зэщlэуэзда къарухэм я Май район организацэм къигъэлъэгъуам.

2. Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэкIыжам и пIэкlэ хагъэхьэн папщIэ къыхалъхьэ Iуэхухэр къызэрыIахыр хэлущIыIу щIын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и хъыбарегъащIэ тхыгъэр къэщтэн (мы унафэм щIыгъуу)

4. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1аIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2017 гъэм мэкъуаугъуэм и 29-м къыдигъэкIа Унафэ №13/2-6-мкIэ къыщIащ

Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм унафэ къэзыщIэхэм ящыщу хэкIыжам и пIэкlэ хагъэхьэн папщIэ къагъэлъагъуэ кандидатурэхэм яхуэзгъэзауэ къыхалъхьэхэр къызэрыIахым теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм кьет

Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм унафэ къэзыщIэхэм ящыщу хэтым и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщхьэщахам къыхэкIыу, «Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхьныгъэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ я хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ щэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 26-нэ статьям и пункт 6-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хэлущIыIу ещI Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм унафэ къэзыщIэхэм ящыщу хэтынум теухуауэ къыхалъхьэхэр къызэрыIихыр.

Документэр мы унафэр къыщытрадза махуэм щеГъэжьауэ махуи 5-кIэ къыщыIах мы адресымкIэ: КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхь уэрам, 27-нэ унэ, пэш 151. Телефонхэр: 40-64-96, 40-26-88.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэ.

Гулъытэ зыхуэщIыпхъэхэр куэд мэхъу

● Абы дегъэпIейтей

КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIащ ведомствэм и коллегием и зэIуплIэ. Абы хэтащ республикэм и хабзэхъумэ органхэм, къэрал кIуэцI дзэхэм я ветеранхэм я Советым и унафэщI Думай Борис.

УРЫСЕЙ МВД-м Краснодар дэт и университетым Iэщlагъэм щыхагъахъуэ и Кавказ Ищхъэрэ институтым республикэ МВД-м и лэжьакIуэхэр зэрыщагъэхьэзырым теухауэ зэIуплIэм къыщыпсэлъащ институтым и унафэщIым и къуэдзэ, полицэм и полковник **Бозиев Юсуф**.

ЩIалэгъуалэр экстремизмэм демыгъэхьэхыным теухуауэ зэфIагъэкIым тепсэлъыхьащ МВД-м экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и центрым и унафэщIым и къуэдзэ, полицэм и полковник **Гуэбэшы Хьэмидбийрэ** республикэ МВД-м полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ, балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ и къудамэм и унафэщI, полицэм и полковник **Ащхъуэт Аслъэнрэ**. ЗэIуплIэм къыщаIэта Iуэхухэм ятеуухуа унафэхэр къащтащ. Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министр, полицэм и генерал-лейтенант **Ромашкин Игорь** ахэр гъэзэщIэныр пщэрылъ ящищIащ жэуап зыхь унафэщIхэм.

КъБР-м Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ щыIэ министерствэм и пресс-Iуэхущ1аIэм къызэритамкIэ, министрымрэ абы и къуэдзэхэмрэ а махуэ дыдэм республикэ МВД-м и пщIантIэм ведомствэм и аппаратым и IэнатIэхэм щылажьэхэм я фащэ зехьэкIэм щеплъащ.

УАРДЭ Жансурэт.

● Бахъсэн щIыналъэ

Дамыгъэ лъапIэхэр зратахэр

Бахъсэн районым и администрацэм дамыгъэ лъапIэхэр щратащ мэкъумэш щIапIэхэр къыхэтхыкIыным къыхэжаныкIахэм.

КЪЭРАЛ мыхьэнэшхуэ зиIэ а лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтам папщIэ медалхэр ирратащ Мэкъуауэ Лилие, Нэхущ Артур, Гъукlэ Фуэз, Глушпак Чалинэ, Жолдащ Маринэ, Къарэцыкlу Софят, Пащты Светланэ, Ерэчкан Маринэт сымэ.

Апхуэдэ медаль дыдэ хуагъэфэщащ Бахъсэн муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ, щIапIэхэр къыхэтхыкIыным зыхуэзгъэхьэзырыныкIэ икIи а лэжьыгъэр егъэкIуэкIыныкIэ комиссэм и унафэщI Къэнэмэт Рустам.

Федеральнэ къэрал статистикэм КъБР-м щиIэ къудамэм и инструктор Къунаш Анатолий къыхигъэщхьэхукIащ Къэнэмэтым Iуэхум кууэ хэзыщIыкI Iэщlагъэлъу зыкъызэригъэлъэгъуар.

Районым къыщыхатхыкIащ мэкъумэшыщIэ-фермер хозяйствэу 510-рэ, уней лъапсэу мин 18-рэ 87-рэ, дачэ щIапIэхэу 26-рэ.

А лэжьыгъэр зэрызэфIэкIам и щIыхькIэ екIуэкIа зэIущIэм Къэнэмэт Рустам къызэхуэса псоми фIыщIэ щахуищIащ, я къалэнхэм зэпэщу зэрехьулIам папщIэ.

Бахъсэн районым и администрацэм и пресс-Iуэхущ1аIэ.

● Хабзэ

Зэрыхуамыдэнур жраIэ

КъБР-м экстремизмэмрэ щIалэгъуалэ политикэмрэ япыщIа лэжьыгъэхэр щIыпIэхэм щызэгъэуIунымкIэ и министр Къуэшырокъуэ Залым, апхуэдэу КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм, КъБР-м щыIэ МВД-м и ЦПЭ-м, Урысейм и ФСБ-м КъБР-м щиIэ и къудамэм я лэжьакIуэхэр и гъусэу республикэм и прокуратурэм хэлущIыIу ищIащ щIыналъэм щыщ щIалитIым, 1996, 1998 гъэхэм къалъхуахэм, экстремист лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыу зэрыхуамыдэнур зэрыжраIар.

АБЫХЭМ я гугъащ Урысей Федерацэм и щIыналъэр ябгьнэу Iэщlэкlэ зэщIэуэздауэ Сирие Хьэрыпл Республикэм щыIэ щIэпхъаджащIэ гупхэм яхьхьэну. А мурадхэр и чэзум къызэпаудащ хабзэхъумэ Iуэхущ1аIэхэм, абы и фIыгъэкIи ахэр щIэпхъаджагъэ нэхъ хьэлъэм щахъумащ.

Урысей Федерацэм и законодательствэм ипкъ иткIэ террорист зэгухьэныгъэу къальытам ухыхьэныр е ухыхьэным зыхуэбгъахьэзырыныр, нэгъуэщI къэралым и щIыналъэм щыIэ апхуэдэ зэщIэхъееныгъэм ухэтыныр тезыр хьэлъэ щIытралъхьэ щIэпхъаджагъэу щытщ. Абы ипкъ иткIэ уагъэтIысынкIэ хъунущ, илъэс 20-м нэс къыптралъхьэу.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1аIэ.

Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэ псоми ядэлажьэ «Эрпак» предприятэм здэщыт увыпIэ лъагэр иутIыпщырыкъым. Гофрокартону зы мазэм метр зэбгъуэзанатIэ мелуани 3-м нэс къыщIэзыгъэкI компанием и лэжьыгъэр къыщрихьэлIэ IэнатIэхэм утышхуэ яубыд - метр зэбгъуэзнатIэ мин 20. Абы лэжьыгъэ IэнатIэ щагъэуэтащ цIыхуи 150-м нэхърэ нэхъыбэм. Абыхэм я дэтхэнэри Iэщlагъэлъ нэсу зэрыщытым Iуэхущ1аIэм и зэфIэкIым хегъахъуэ.

«ЭРПАКЫМ» и гофротарэхэр ерыскъыхэкIым елэжь, ахэр зэбгрызышхэм я закъуэкъым къэзыщэхур. Флексопечатыр дахэу, екIуу, товарым фэ къытригъауэу къызэрагъэсэбэпым къыхэкIыу, промышленнэ IэнатIэхэми куэду уащрохьэлIэ. Предприятэм и лэжьыгъэм иджыпсту и гуащIэгъуэщ: япэ хадэхэкIхэр бззэрхэм къытрашэ, мыгувэу пхъэщхьэмыщхьэхэри абы къыкIэлъыкIуэнущ.

Щ1ыуэпсым и илъэсу ягъэува 2017 гъэм хэлъхьэныгъэфIэхэр хуэзыщI Iуэхущ1аIэхэм хабжа «Эрпак»-р зы мазэм хуэзэу зэлэжь тхьилъымпIэжьхэр тонн 1200-м нигъэсащ. Зыхуейхуэзэу къызэгъэпэща лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ ди щIыналъэм и экосистемэр куэдкIэ хъума мэхъу, ди мэзхэми хэщIыныгъэ ягъуэтыркъым. Хамэ къэрал кIрашу щытам я пIэм иува гофрокартонхэр къыщIэгъэкIныимкIэ мы IэнатIэр ЮФО-м щыпашэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Промышленность

Ди Iуэхущ1аIэхэр ипэкIэ маплъэ

● ДифI догъэлъапIэ

ГъащIэм и мардэхэр

Адыгагъэ, хабзэ, нэмыс, Iулыдж зыхэлъ дэтхэнэми пщIэшхуэ хуищIу игъащIэми къэкIуэкI ди лъэпкъыр. Жылагъуэм апхуэдэ гулъытэ лъагэ щызиIэ щIыху псэ къабзэхэм, пэжыгъэмрэ захуагъэмрэ зи гъуэзэу псэухэм ящыщщ УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, Аруан районым къыщыдэкI «Маяк-07» газетым и редактор нэхъыщхьэ КIасэ Валерэ Хъанщобий и къуэр. КIасэр куэдым яцIыху республикэм и щIыхуб хъыбарегъащIэ IэнатIэм и зыужьныныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщI лэжьакIуэшхуэ, дзыхь къыхуащI дэтхэнэ IэнатIэри егъэфIэкIуэныр, зи пашэ газетым и щIыналъэм жылагъуэм къыщыIэтыныр зи гъащIэ мардэу щыт Iэщlагъэлъ.

КIасэ Валерэ

АРУАН щIыналъэм хиубыдэ, щIыху щэджащэ куэдрэ гуащIэдэкI лэжьыгъэшхуэкIэ цIэрыIуэ Псыгуэнсу адыгэ жыIэм 1954 гъэм и мэкъуаугъуэм къыщащIыхьуащ Валерэ. Кьуажэм дэт курыт щколыр ехьлIэныгъэкIэ къиуха нэужь, абы едэжьм щыпищащ КъБКъУ-м. Студент илъэсхэр купщIафIэу ирихьэкIащ КIасэм. ФIыуэ зэреджэм къыдэкIуэу, ар жыджэру хэтащ еджапIэ нэхъыщхьэм щекIуэкI Iуэхухэм.

Етхуанэ курсым иджыри щIэсу Валерэ 1975 гъэм лаборанту лэжьэн щыщIидзащ Псыгуэнсу дэта илъэсий школым. Зы илъэскIэ щылэжьауэ, абы ирихьэлIэу еджапIэ нэхъыщхьэри ехъулIэныгъэкIэ къиухауэ, щIалэщIэр дзэм ираджащ, Хэкум къулыкъу хуищIэну. ЩIыхь зыпльтI а къалэныр щыгтхъу иIэу зэфIихри, КIасэм щалъхуа щIыналъэм къигъэзэжащ. ЩIалэ жыджэрыр, зэфIэкI инхэр къызыкъуэкIыну зыкъызыгъэлъэгъуар, куэд дэмыкIыу ягъэуващ ВЛКСМ-м и Аруан райкомым и къудамэм и инструктору. А IэнатIэр илъэс зыбжанэкIэ къызыхуэтыншэу ирихьэкIащ Валерэ, и пщэрылъ кьалэнхэр гъэззэщIэным хъарзынэу ехъулIэу, щIыналъэм ис щалэгъуалэм жыджэру ядалажьэу, ахэр IуэхугъуэфIхэм къыхуэзщIигъэуIуэу.

Аруан районым и киносетым и унафэщI къулыкъур хуит къыщыхъуи, Iуэхур иригъэфIэкIуэнкIэ щыгугъуэу япэ зи цIэ ирагуахэм ящыщщ КIасэр. Лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ Iэкlуэлъакlуэм, зэхэщIыкI лъагэрэ гупсысэ куурэ зыбгъэдэлъ Iэщlагъэлъым хулъэкIащ Iэнатlэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэригъэпэщу лъэ быдэкIэ игъэувын.

КIасэ Валерэ бгъэдэлъ апхуэдэ зэфIэкIхэр кьалъытэри, иужькIэ ар ирагъэблагъащ Аруан районым и гъэзэщIакIуэ комитетым и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщIу. ЦIыху хэтыкIэ зыщIэ, гъащIэм и зэхэлъыкIэм фIыуэ щыгъуазэ, хьэл-щэн зэпIэзэрыт зиIэ адыгэ щIалэр псэ хьэлэлу щылэжьащ а IэнатIэми. ИужькIэ щIыхубэм я дзыхь кърагъэзри, депутату хахащ, депутатхэм я район советым и Iэщlагъэлl къулыкъури къыхуагъэфэщащ.

Ди къэралым зэхъуэкIыныгъэхэр щыщкIуэкIа лъэхъэнэм щIыналъэ администрацэм щылэжьащ КIасэр, кадрэхэм ядэлажьэныкIэ къызэгъэпэщыныгъэ Iуэхухэмкlэ и къудамэм и унафэщI, полицэм и полковник **Ащхъуэт Аслъэнрэ**. ЗэIуплIэм къыщаIэта Iуэхухэм ятеуухуа унафэхэр къащтащ. Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министр, полицэм и генерал-лейтенант **Ромашкин Игорь** ахэр гъэзэщIэныр пщэрылъ ящищIащ жэуап зыхь унафэщIхэм.

КъБР-м Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ щыIэ министерствэм и пресс-Iуэхущ1аIэм къызэритамкIэ, министрымрэ абы и къуэдзэхэмрэ а махуэ дыдэм республикэ МВД-м и пщIантIэм ведомствэм и аппаратым и IэнатIэхэм щылажьэхэм я фащэ зехьэкIэм щеплъащ.

УАРДЭ Жансурэт.

Къуэгъулъкъуэ Мысост *(1874 - 1933 гъэ.)* **Георгий жорым и нагъыщплIри 1904 - 1915 гъэхэм къратащ. Сурэтым абы къыщыбгъэдэсыр и щхьэгъусэм и шыпхъэрщ, щытыр и щхьэгъусэ Замирэщ**. *1916 гъэ.*

Ар хэкум, абы хьихьэ щIыналъэхэм я тхыдэр кIэдым щафIэхьэлэмэт лъэхъэнэщ нобэ. Абыхэм ехьэлIа псалъэмакъхэр щаубгэкIэ, кIэлъплщохъу зауэ губгъэушхуэм уиухьауэ. ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я Iэмалхэмкl э махуэ хьэс жыхуаIэм хуэдэу щIыхубзм щашIэ хьыбар кIэд, ипэкIэ уеблэмэ щэхуу утепсэлъыхьыну шынагъуэу щытауэ.

Ирикъунщ дыззерезэуар тхыдэм, щIыху щэрыIуэхэм я фэеплъхэм

Къалмыкъ БетIал хэкулI щэджащэ хьэмэрэ бзаджащIэ?

КЪЭРАЛЫМ кьикIуа тхыдэ гъэгуанэм щыщу совет лъэхъэнэращ зэдауэ гуащIэкэр кьызэрыкIыр. Псалъэм папщIэ, языныкъуэхэм я дежкIэ лIащIыгъуэ блэкIам и 20 - 30 гъэхэр социализмэм текIуэныгъэ инхэр, ехьулIэныгъэфIэр щызыIэригъэкьа лъэхъэнэщ. Адрейхэм къалъытэ а зэманым щIыхубзр репрессиехэм, террорымрэ залымыгъэмрэ я бжьым тIкIийуэ щIэтауэ. Хэку зауэшхуэм (1941 - 1945 гъ.гъ.) и тхыдэм и напэкIуэцIэкр языныкъуэхэм кьалъытэ фашизмэм дунейр щытекIуа илъэсхэу, етIуанэхэм ахэр ябж хамэщIэкэр щызэрапхъуа зэману, ещанэхэм я дежкIэ а гъэхэр щIыхубзм ятелъа гуIэгъуэмэ гуэвэгъуэмрэ, нэпсымрэ гуаузмрэ зи дамыгъэ лъэхъэнэ хьэлъэт. ПIощIыгъуэ блэкIам и 30 - 50 гъэхэм я нэщэнэ нэхъыщхьэу кьалъытэ политикэ залымыгъэмрэ лъэпкъхэр, псом хуэмыдэу Кавказ Ищхьэрэм исхэр, зэхэзехуэн щIынымрэ хуабжьу зыщагубгъуа зэману.

Апхуэдэ дыдэу жыпIэ хъунущ 50 - 60, 70 - 80, 90 - 2000 гъэхэм ятеухуауи. А лъэхъэнэхэм ящыщ дзэнэгъэм езыхэм я фIэщыгъэ щхьэхуэ яIэжщ: «сталинизмэм и тепщэгъуэ», Хрущёв и «IувыкIыжьигъуэ» илъэсипщI, Брежневым и «и пIэм иуджыхьын лъэхъэнэ», Горбачёв и «зэхъэжьыныгъэхэм я зэман, Ельциным и «зэрыхьэрий» илъэсхэр, Путиным и реформэхэм я лъэхъэнэ, н. къ.

Ди зэманым и куэдщ тхыдэдж «Iэзэхэр», а щIэныгъэм хуемыджарэ хамыщIыкIыу, арщхьэкIэ тхыдэм хэт кьэхъукъащIэхэр иратхъыкIыжу е лъэныкъуэкIэ кьыщеплърэ абыхэм я мыхьэнэм шэч кьытрахьэу. Апхуэдэхэщ, кьапщтэмэ, Ленинр мавзолейм кьыщIэхьыжьыным, Жэпуэгъуэ революцэ инир илъэси 100 зэрырикъур гъэпсыпIэным е ар махуэшхуэхэм яхэхьупэным, Космодемьянская Зое, панфиловец 28-м зэрахьа лIыгъэхэм шэч кьатехьэным ятеухуауэ телевиденэмкIэ щIэх-щIэхьыргъэкьы-зэрагъэпэщ нэтынхэр.

ЩIыуагъэу кьыдольытэ ди гъэлым и тхыдэр зэрадж зы программэ хэха, тхылъ убзыхуэу зэрыщымыIэр. Урысейм и тхыдэр ирагъэдж хъуну кьалъытэу иужьрейуэ зэхалъэ программэм ди щIэныгъэлIэр илъэс зыбжанэ хуауэ хопIэ. Ди тхыдэр «кьитхыкIыжыным» иужь диткуу, кьэралым иIэнуэкъым тхыда пэж. Ар ехьэлIащ ди щIыналъэм и тхыдэмк.

СССР-р зэрыльэпъэжрэ, щIэблэ етIуанэ кьохъуэ кьэралым икIи абыхэм ящыщу машIэкъым ди тхыдэр зыфIэхьэлэмэтыр. Мыбдежым нэхъ щынагъуэу кьэтпльэтэр тхыдэм и пэжымрэ кьэгупсыса пщIымрэ зэхэзэрыхьауэ абыхэм я пащхьэ зэритлъхьрщ. Зи щалэгъуэхэм я гупсысэм кьэгъаазэ имыIэу «зыщIифынущ» хуэдгъэкIуатэ епIлыкIэ зэIымбзэкр. Апхуэдэкэр зи гъащIэ епIлыкIэу кьэтэджыну щIэблэр адэкIэ дауэ зэрыпсэунр? Абы кьыхэкIыу мыхьэнэ ин дыдэ иIэщ лъэпкъ тхыдэм кьыхэна дэтхэнэ хэхъукъащIэми щIыху щхьэхуэми ятеухуахэр пэжу, кьызыхуэтынщэу кьэгъэнэIуэным.

«ЦIыхуэм и Iэужьыщ и пщIэр кьызэралъытэр», - жиIащ лъэпкъ псалъэжьым. Кьэрал, парт, хозяйствэкьулыкъущIэхэм, дзэпщ щIэрыIуэхэм, щэнхабзэ, щIэныгъэ, гъуазджэ, литературэ лэжьакIуэ пашэхэм дащытепсэльыхьыкIэ, тегъэщIапIэ нэхъыщхьэр, диIэн хуейр абыхэм тхыдэм щаубыда увыпIэрщ, зэфIаха Iуэхугъуэхэм лъэпкъ зыужьыныгъэм дежкIэ мыхьэнэуэ яIам и инагъырщ. Абы и лъэныкъуэкIэ щэч кьытумыхьэу жьлпIэ хъунущ ди щIыналъэм и унафэщIу щытахэм ящыщу Кьалмыкъ Бетlал Едыдж и кьуэм нэхъри нэхъыбзэр зытепсэльыхь зэрахэмыльр.

Кьалмыкъ БетIал и гугъу щытщIкIэ, жьлпIэ хъунущ абы и гъащIэм и кьежIуэкIыкIар тIуащIэу щытауэ. Зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, Кьалмыкъ БетIал Iэрал, парт лэжьакIуэ щIэрыIуэщ. Тэрч щIыналъэмрэ Кьэбэрдей-Балъкъэрымрэ совет властыр щыгъэуныгъэм хуэгъэпса революцэ бэнэныгъэм жьыджэру хэта икIи абы и кьызэгъэпэщакIуэу щыта хэкулI щхьэмыгъаазэщ. Граждан зауэм и илъэсхэм абы и унафэм щIэтащ партизан гупхэр, иужькIэ полкым, дивизием я пашэу щытащ. 1921 - 1929 гъэхэм Кьалмыкъ БетIал щытащ Кьэбэрдей-Балъкъэр облисполкомым и унафэщIу 1930 - 1938 гъэхэм ар ВКП(б)-м и Кьэбэрдей-Балъкъэр обкомым и апэ секретарщ, СССР-м и ЦИК-м и апэ зэхуэсым хэтщ, партым и X - XIV съездхэм я делегатщ. БетIал кьыхуагъэфэщауэ щытащ Лениным, Зауэм и Бэракъ Плъыжь орденхэр. 1937 гъэм ар хахащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатку. 1938 гъэм щэкIуэгъуэм и 12-м Кьалмыкъыр ягъэтIысащ, 1940 гъэм мазаем и 26-м и судыр ykIкIэ ящIащ, кьыкIэлъыкIуэ махуэм суд унафэр ягъэзэщIащ. 1954 гъэм дыгъэгъаэзм и 18-м хэй ящIыжащ.

1957 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м Кьалмыкъ БетIал Налшык фэеплъ щыхуагъэувыну щIыпIэр яубзыхуащ. Абы теухуа зэхуэсым мыпхуэдэ псалъэхэр щыIуауэ щытащ: «Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я мызакъуэу, ди кьэралым щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъэмэ Кьалмыкъ БетIал и цIэр кьрапIуэ, пщIэшхуэ хуащIу. Ар щытащ Лениндж пэжу, Кьэбэрдей-Балъкъэрым и большевикэм я унафэщI нэсу». 1960 гъэм и дыгъэгъаэзм КьалмыкъБетIал и фэеплъыр (скульпторыр ТкъэкIумашэ Михаилт) Налшык къыщыхэзыхауэ щытащ.

ПIощIыгъуэ блэкIам и 20 - 30 гъэхэм, Кьалмыкъ БетIал Едыдж и кьуэ Кьэбэрдей-Балъкъэр облисполкомым и унафэщIу, иужькIэ ВКП(б)-м и обкомым и апэ секретару щыщта ти илъэсхэм, ди республикэм зэхъуэкIыныгъэ инхэр щыщыхъуащ. КъыщIадзащ икIи яухащ лъэпкъкъэрал зэхэтыкIэр убзыхуэр (КъБАО, КъБАССР). Абы ипкъ иткIэ 1937 гъэм Кьэбэрдей-Балъкъэрыр республикэ хъуащ, кьэралыгъуэ игъэтащ, езым и Конституцэ, хабзэ-убзыху орган - Совет Нэхъыщхьэ, Суд нэхъыщхьэ, Ныпэ, Герб, езым и быдэр, н. къ. иIэжу. Кьалмыкъымрэ абы и гупсысэр зыщдэзыIыгъэу щы- та и ныбжьыгъуэмрэ я фIыгъэкIэ хъума хуауэ нобэ республикэм иIэ щIыналъэр. Кьэбэрдей-Балъкъэрыр Горскэ АССР-м щыхэтам щыгъуэ, шынагъуэ щыIэ хъуат кьухьэпIэмкIэ Балъкъыпсым, кьэкIыпIэмкIэ Тэрчыпсым адэкIэ щыIэ щIыналъэхэр фIэкIуэдныныкIэ. Тэрч щIыналъэр нобэ щымыIэхъхэмкIэ хъунут! Республикэм и гъунапкъэхэм ятеухуауэ екIуэкI псалъэмакъэр апхуэдизу ткIийти, хъущ шуудзэкIэ яхъумэным Iуэхур нэсат. Тхыдэджхэм нэмыщI, абы куэд щыгъуазэкъым.

ЗэрытщIэщи, Кьэбэрдей-Балъкъэрым промышленностым и лъабжьэр щыщагъэтIылъым, тегъэщIапIэ гуэри щыIакъым. Кьалмыкъыр зи пашэ республикэ унафэщIхэм яхуэзфIэкIащ ягъэ ильэситхуитIым кьырибыдэу щIыналъэм промышленнэ IэхъущапIэу 57-рэ щаухуэн. IэхъущапIэ псори 778-рэ хъурт. Абыхэм яхэтт Налшык дэтхэу шыгун щагъэж, механикэ заводхэр, Iэфпыкlэ, вакъэ щащI, дэрбэзр, трикотаж фабрикхэр. Республикэм щылажьэрт Дохъушыкуэят спирт, Кьэбэрдей крахмал заводхэр. Абыхэм ясыдыкIэ продукцэхэр Европэмрэ Азиемрэ я къэрал куэдым щащэхурт. Мыхьэнэшхуэ яIэт Бахъсэн, Акъбащ ГЭС-хэр, Тырныауз дэт вольфрам-молибден комбинатыр лажьэу зэрауатIыщцам. ЩIэщIауэ екIуэкIырт гъэугъэм, лъэмыжжэм я ухуэныгъэри. Республикэм и бгылъэ щIыпIэхэм, ауэхэм кIуэ гъэугъфIэми псышхуэхэм тралъхьа лъэмыж лъэщхэми щыгуфIыкIырт щIыналъэм щIипсэу цIыхубэр. А псоми кьадэкIуэу заужьырт курорт, турист унитIыныгъэхэми. Иджыри къэс кьалъытэ Хэку зауэшхуэм и пэкIэ ди республикэм промышленнэ политикэ IущIэкIуэкIауэ. Абы кьыщагъэсэбэп продукцэм и нэхъыбапIэр щIыпIэм кьыщIэхьырт, щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэр я лъабжьэу.

Дауи, апхуэдэ екъуIэныгъэхэр щIыналъэм и мыпкъуэ лъапкъэ IащIагъэпIэхэм я закъуэкIэ кьэхьа хъуакъым - къэралым и щIыхьэрым кьикI дэIэпыкъугъэ щыIащ. ИтIани, 30 гъэхэм ди щIыналъэр зэрыта щытыкIэр кьэпльытэмэ, егъэлеяуэ гугъут щIыхубэр зы Iуэхушхуэ гуэрым кьыхузэщIебгъэIуэну, IэнатIэщIэхэр бу-хуэну.

Зэман кIэщIым кьриубыдэу (1928 - 1932 гъэхэм) зэхъуэкIыныгъэ инхэр щекIуэкIащ мэкъумэш хозяйствэми: щIыналъэм и щIыпIэ псоми кьаназ щымыIэу зыщащжьат колхозхэрэ совхозхэмрэ. ЩIыхубэ ухуэныгъэм и Iэмалхэр кьагъэсэбэпурэ, екIуэкIырт щIыр гуэшнымрэ псыщIэгъэзэльадэмрэ епха лжжыгъэхэр. Кьэбэрдей ЦIыкIу псыщIэгъэльадэ Iэнатlэр СССР-м и апхуэдэ ухуэныгъэ нэхъ инхэм ящыщт. Кьэралым и щIыналъэхэм ящыщу Кьэбэрдей-Балъкъэрыр яхэхуащ 1934 гъэм Лениным и орденыр япэу зыхуагъэфIащагъэм. Апхуэдэ гупытэ лъагэр республикэм кьаилэжьат мэкъумэш IэнатIэм щригъэкIуэкIа ухуэныгъэфIхэмкIэ, колхозхэмрэ совхозхэмрэ лъабжьэ быдэ зэрыщагъуэтамкIэ, кьэралым кьыхуигъэува кьалэнхэр кьызыхуэтыншэу зэрригъэзэщIамкIэ. 1937 - 1938 гъэхэм кьриубыдэу мэкъумэш IэнатIэм къыщыхэжаныкIа лэжьакIуэ 32-м я бгъэгум щылыдат ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь орденыр. Хэку зауэшхуэм и пэ кьихуэ илъэсхэр кьапщтэмэ, мэкъумэш IэнатIэм зиужьныныкIэ, гьавэ бэн кьехьэлIэныкIэ Кьэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщат Совет Союзым хьэхъэ щIыналъэхэм я нэхъыфIхэм. Ауэ щыхъукIи, кьыхэгъэщIипхъэщ 1921 - 1922, 1932 - 1933 гъэхэр республикэм и дежкIэ узэгъум и лъэхъэнэ хьэлъэхэу зэрыщытари.

20 гъэхэм я кIэухымрэ 30 гъэхэм я пэщIэдзэмрэ кьриубыдэу зэхъуэкIныныгъэфIхэр ягъуэтащ щIыналъэм и кьуажжэкъм я тепльэхэми. Апхуэдэу щыIэ 20-м щIигу ягъэтIысащ. Электричествэр, радиор, телефонэр адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я гъащIэм кьыхьэхьэу хуежьащ. Апхуэдэ щыкIэкIэ, республикэм щекIуэкIа промышленнэ, мэкъумэш политикэ Iущым и фIыгъэкIэ, нэхъапэм зызымыужьу, мэкъумэш щIыпIэу ялытэу щыта республикэр хуэуад индустриальнэ-мэкъумэш щIыналъэ, езым и экономикэ иIэжу.

ЕхьулIэныгъэ лъагэхэр щекIуэкIащ щэнхабзэ, гъуазджэ, егъэджэныгъэ IэнатIэхэми. Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ зэгуэтащ я анэдэлхубзэхэр зи лъабжьэ тхыбзэхэр, зэман кIэщIым кьурибыдэу щIыкIыбзым кьызэринэкIащ щIэныгъэншагъэр, къэралым хьыкэ щIыналъэ куэдым абыкIэ япэ ищауэ. ЦIыхухэм яIа щIэныгъэм и лъабжьэр адэкIэ-мыдэкIэ щаIуатэхэр арауэ ипэкIэ щытамэ, иджы дэтхэнэми и щIэныгъэ «кьигъэхъуапIэт» тхылъхэр, газетхэр, журналхэр, радиор. Ди щIыпIэм зыщIижьащ литературэм, театрым, гъуазджэм. Кьихьуащ лъэпкъ интеллигенцэкIэ зэджэр.

Къэралым щыщIэзэрагъэпэща егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэр Хэку зауэшхуэм и пэкIэ япIэтэрт дуней псом щIыныхьыфIу. Абы зыщIубгъуат Кьэбэрдей-Балъкъэрми. Школым щIэныгъэ щызрагъэгъуэтыр Iыхьишу зэщхьэщIахуэр: пэщIэдзэ, илъэсибл, курыт егъэджэныгъэхэр. Курыт щIэныгъэрэ Iэщ щIагъэрэ къэзытхэм, егъэлеяуэ нэхъыщхьэхэм щIыхубэ хозяйствэр зыхуэныкъуэу Iэщ щIагъэлIэхэр щагъэхьэзырырт. Лъэпкъ Iэщ щIагъэлIэхэм я «кIыщ» ипэжьлIэкIэ хъуат ЛУГ-р, мэкъумэш, педагогикэ, медицинэ техникумхэр, Кьэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутыр, нэгъуэщIэхэр. Республикэр зыхуеину пэжьакIуэхэр апхуэдэуи щагъэхьэзырырт къэралым и ежьанIэ нэхъыфIхэу Москва, Ленинград, Харьков, Ростов, Орджоникидзе къалэхэм, нэгъуэщIхэми дэтхэм.

А Iэхъугъуэ псори и нIэм щIэт республикэм ипэжьлIэкIэ и пашэу щыта Кьалмыкъ БетIал Едыдж и къуэм. Иджыпрей мардэхэм хуэкIуэ щIэныгъэ лъагэ имыIам, абы бгъэдэлът Тхьэр кьызэрыхуэупса акъыл щэщIарэ гупсысэ куурэ. Абыхэм я фIыгъэкIэ Кьалмыкъыр жьжьапIэуэ щытащ, унафэ тэрэзэхэр Iэхъугъуэ куэдым трищIыкъыхь хуэзфIэкIыу. Кьэралым унафэщIхэм кьыхуагъэув кьалэнхэм япкъ иткIэ, Кьалмыкъым щIыналъэм щиубзыхужьыт Iэмал имыIэу зэфIэхьи хуей Iэхъугъэ зэрыт план хэха икIи ар зэрагъэзащIам езыр ткIийуэ кIэлъплъыт. Абы ицIыхур республикэм и Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм я унафэщIхэм я закъуэтэкъым, атIэ Iэщ-щагъэлI пашэхэри кьызэрыгуэкI лэжьакIуэжьхэри и нэIуасэт. Гупытэ зыхуэущIыпхъэ дэтхэнэ зы Iэхъугъуэми и кIуэцIым езыр нэсрэ ар егъэфIэкIуэным епха хэкIыпIэхэр кьиглъуэту, унафэ тэмэми трищIыхьыжу апхуэдэт Бетlал. Кьалмыкъым хэпльа апхуэдэ гумызагъагъымрэ набдзэгубдзапльагъэмрэ ятеухуа хъыбархэр иджыри жылагъэм щызэIэпах. Абыхэм я щапхъэщ «Газета Юга», «Кабардино-Балкарская правда» газетхэм иджыблагъэ унафэщI щыпкъэм теухуауэ иужьрейуэ кьытехуа тхыгъэхэр.

ЖьакIуэу зэрыщытым и фIыгъэкIэ Кьалмыкъым хуэзфIэкIырт щыхуабэ Iэхъугъуэшхуэхэм. Кьаухуэщ щIагъэуIуэн, быдагъэ яхиплъхьэн. А зэманым лажьа парт, совет лэжьакIуэхэм, журналистхэм, тхакIуэхэм, республикэм щыхьэщIа цIыху цIэрыIуэ куэдым я гукъэкIыжхэр щыхьэт тохъуэ Кьалмыкъ БетIал ди республикэми кьэралым и унафэщIхэм я деж пщIэрэ щыхьрэ зэрыщIам. ФIэлIыкI зиIэ унафэщIыр адрей щыпIэхэм я пашэхэм щапхъэу хуагъэльагъуэрт, социализмэр лъэпкъ щIыналъэхэм щыхуэхьныкIэ мардэт абы и Iуэху зехьэкIэ. Кьэбэрдей-Балъкъэрым, кьэралым псоми хуэдэу, гъащIэщIэр зэрыщаухуэр бзыпхъэ хэха гуэрым тетутэкъым, атIэ щытыкIэ кьэс унафэ тращIыхьрэ хэкIыпIэхэр кьыхуагъэуту, щыуагъэхэр зэрагъэзэхуэжрэ и пIэ ирагъэувэжу апхуэдэут. ЖьлпIэнурамэ, гъэунэхуныгъэ щекIуэкIауэ аращ абы щыгъуэ ди кьэралым. Абы кьыхэкIыу бгъэщIагъуэ хъунукъым а Iуэхум щыуагъэ гуэрхэр кьызэрыхэкIари лъэпощхьэпо, егъэлеиныгъэ гуэрхэр зэрыхэлъари (а Iуэхугъуэхэр нобэ зэрыхуейуэ кьэзыгъэсэбэпхэри щыIащ). Дауэ хъуми, зы Iэрригъэхьа ехьулIэныгъэхэмрэ здынэса лъагапIэхэмрэ щыгъуазэ зыхуащIу, Iуэху зехьэкIэ мардэхэр ящIэтэн папщIэ, ди щIыналъэм щIэх-щIэхьырэ кьакIуэрт нэгъуэщI республикэхэм, областхэм, уеблэмэ хамэ кьэралхэм кьикIыуэрэ.

А зэманым кьыдэкIа газетхэм, журналхэм ящыщ куэд щIэх-щIэхьыурэ тетхьыкьут ди республикэм, абы «щIыналъэ тельыджэ», «совет щIыналъэхэм кьаухьыдыкI налкъут», «коммунизмэм япэу нэсыну щIыналъэ», «хэку зэщIэгъагъэ» - апхуэдэ псалъэ зэпха дахэхэр хужаIэу. ЩIыналъэм и пашэ Кьалмыкъ БетIал и цIэм пагъэувэ хабзэт «адыгэлI акъылыфIэ», «щIыху кьэзэрымыкIыу», «псэукIэщIэ щауху кьэралыгъэ лъэпкъкIыбэм и унафэщI Iэзэхэм ящыщ зы», «Кьэбэрдей-Балъкъэрым и пашэ», «цIэрыIуагъ хэха зиIэ цIыху», «лIыгъэшхуэ зыхэлъ, кьэралыгъэ унафэ щIыныкIэ Iэзагъэшхуэ зыбгъэдэлъ» псалъэхэр. ЗэрыгурыIуэгъэщи, апхуэдэ псалъэ гуапэхэр. Кьалмыкъ БетIал хужьзыIэфахэр абы и Iуэху епIлыкIэхэр, гупсысэхэр дэзыгуэшу, ар я пашэу псэукIэщIэр ухуэным хущIэкъуу щыта цIыхухэрщ.

Кьалмыкъ БетIал етIуанэ гъащIи иIауэ кьалъытэ, совет зэманым абы куэдым хащIыкIакъым. А гъащIэр наIуэ кьэхъуныр епхащ зэхъуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэу ди кьэралым лIащIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм щекIуэкIам. Абы щыгъуэ кьыдэкIа щIэныгъэ, публицистикэ тхыгъэхэм, Интернетым иIэ хъыбархэм ящIэлът щхьэрыгъажэ пщыхьэн Iуэху епIлыкIэ «пщтырхэр», ипэкIэ пщIэрэ щхьэрэ зиIэу щытахэр «кьегъэльэхьэшэхынымрэ», зыIэрыдгъэхьа ехьулIэныгъэхэм ящыщ куэд Iэщ-щIэ щынымрэ хуэщIа гупсысэхэр. А зэманым кьыщыщIэдзауэ Кьалмыкъ БетIали нэгъуэщIныкIэ епIлъ хъуащ куэди. Абы хуажаIэрт «лIыукI», «Сталин и статрап», «цIыху еру, гущIэгъунш». Абы ипкъ иткIэ кьэтхъынщ щапхъэ зыбжанэ, Кьалмыкъым и етIуанэ гъатращIыхьащ. Кьэтхъынщ ар зэрагъэкъуэншахэр кьыщIихьа тхылъым щыщ Iыхьэ: *«...1927 гъэм кьызэригъэпэщащ икIи и пашэу щытащ совет властым и бий льэпкъ зэгухьэныгъэ, кьыкIэлъыкIуэ илъэсхэм запищIащ правительствэ зэгухьэныгъэм и унафэщIхэу Бухариным, Енукидзе сымэ, нэгъуэщIхэми. А зэгухьэныгъэм ЪъБАССР-м щIэ къудамэм и пашэу щыту, Кьалмыкъым абы хигъэхьащ нэгъуэщI цIыхухэри. Ахэр къигъэсэбэпурэ езыр и щхьэкIэ зэран хуэхъуащ ЪъБАССР-м и цIыхубэ хозяйствэм».*

ГущIыхьэт Кьалмыкъ БетIал и благъэ-Iыхьлыхэм (и адэ Едыдж, и къуэшхэу Хьэбалэ, ПIалиб, Хьэссет, Назир, и малъхъэ Мэлбахъуэ Ахьмэд, и щыпхъухэу Роззрэ Махэрэ, и нысхэу ДахэцIыкIурэ Зоерэ, и къуэ Владимир, и щхьэгъусэ Антонинэ) я гъащIэр зэрауахари. Хэти яукIащ, адрейхэри Граждан зауэмрэ Хэку зауэшхуэмрэ щыхэкIуэдащ е ягъэтIысри льэхэм ирагъэкIащ я бынхэр я гъусэу.

Политикэ залымыгъэм ихьауэ щыта Кьатхъэн Назир и къуэхэу Чэримрэ Мухьэмэдрэ 1989 гъэм лъэIу тхылъкIэ зыхуагъэзащ СССР-м и Прокуратурэ Нэхъыщхьэм, Кьалмыкъ БетIал хей зэращыжар зауэгъэу щытрэ щымытрэ хэпльэжыну. 1989 гъэм и жэпуэгъуэм и 27-м абыхэм кьаIэрыхьащ жэуап №13/1575-89 (гъэкIэщIауэ кьыдохь): *«...1954 гъэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм кьыщIагъэщащ Кьалмыкъыр щIагъэтIысам лъабжьэ имыIэу, НКВД-м зэригъэпэща дэфтэр нэпцIхэр тегъэщIапIэ ящIауэ арауэ.*

Абы кьыдэкIуэу наIуэ къэхъуащ, КъБАССР-м и НКВД-м и «тройка»-м хэту Кьалмыкъым цIыху 3000-м политикэ залымыгъэ зэрыкIэлъыхьэрахьа протокол куэдым Iэ зэрыщIидзар. Абыхэм я нэхъыбапIэр мы зэманым хей ящIыжащ, 30 - 40 гъэхэм кьаIэтауэ щыта апхуэдэ уголовнэ Iуэхуэхэм иджыри хопIэ.

Кьалмыкъым ехьэлIа уголовнэ Iуэхум дыщыхэплъэжым, белджылы хуащ абы ехпаэу 1940 гъэм екIуэкIа судым «тройка»-м зэрыхэтамкIэ Бетlал зэримыгъэкъуэншар. А уголовнэ Iуэхуэмкlэ Кьалмыкъыр хей зэращIыжар - захуагъэщ... Кьалмыкъыр псэужкъым, а Iуэхугъуэкэр кьыхэзрыхьури илъэс 50-м щIигуащ. Абы кьыхэкIыу Кьалмыкъым ехьэлIа уголовнэ Iуэхуэ иджыри зэ кьепхъужьжьыну тегъэщIапIэ щыIэкъым».

Кьалмыкыр дэ дгъэзахуэркъым икIи дыкъыщхьэщыжыркъым, арщхьэкIэ кьыдольытэ ар гъэзэщIакIуэ кьудейуэ, кьэралыгъэ ящIыжу, кьэралыгъэ «винт» щыкIуу зэрыщытам егупсысын хуейуэ. ЗэхъуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэм (кьапщтэмэ, 20 - 30 гъэхэм) лажьа дэтхэнэ политикэ щIэрыIуэм, кьэралыгъэщIэм папщIэ пхужьIэнукъым ар фIыуэ е Iейуэ щытауэ. Апхуэдэ лъэхъэнэм кьэралыгъэ щытахэм ящыщу кьэнашагъэ гуэр зыбгъэдэмыльэ дуней псом щыбгъэуэтынукъым. «Меморандум Парвуса» фильмыр тезых режиссёр Хотиненко Владимир «Аргументы и факты» газетым иджыблагъэ ирита интервьюм кьышцрата упщIэм: «Уи фильмым хэт Лениныр щIыуу щэджащэ хьэмэрэ бзаджащIэ?» жьхуитIэм жэуапу иритар мыращ: «А упщIэм зыми жэуап иритыфынукъым, сыту жьлпIэмэ абы хуэIэу, зы мыхьэнэ фIэкIа зимыIэ жэуап пхуетынукъым». ДызэрригугъэмкIэ, апхуэдэ гупсысэхэр епхьэлIэ хъунущ Кьалмыкъ БетIали.

Кьэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэм Кьалмыкъ БетIал хуиIэ щытыкIэр иджыпрей зыбгъэнэм зэпэщIэуэщ, зэхуэдэкъым. Ди цIыхухэм я нэхъыбапIэр, псом хуэмыдэу нэхъыжьыIуэхэр, Кьалмыкъ БетIали абы хуагъэува фэеплъыми я тепльэщ, адрейхэр, зи благъэкIэ, Iыхьлыхэр 30 гъэхэм екIуэкIа политикэ залымыгъэм ихьаехэр, абыхэмкIэ арэзыкъым. Иужьрейхэр, жьлпIэнурамэ, мыгъэгъунигъэм, лъыщIэжныныгъэм зэщIиныгъэ. ЛъыщIэжыр, дызэрыщигъуазэщи, захуагъэ наIуэ кьэщIынмкIэ нэхъ IэмалыфIхэм ящыщкъым.

Кьэралымрэ жылагъуэмрэ гуп щхьэхуэхэм я Iуэху епIлыкIэм зыдгъэхьэх ъкунукъым, апхуэдэхэр егъэлеяуэ жьыджэрми, хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэр кьагъэсэбэпурэ псэмакъышхуэхэр кьалэтрэ я бжьгъэр куэд хъууэ кьыпщагъэхъуми. Iуэхур зэрыщытыр нэгъуэщIуэ. ЖьлпIэкIэ жылагъуэм и нэхъыбапIэр и тельхъэщ Кьалмыкъыми абы и фэеплъми, сыту жьлпIэмэ абыхэм я фIэщ мэхъу властым Iуэхум унафэ тэмэм трищIыкъыр фэеплъыр и пIэм зэрыгагъуэвэжынур. Куэдщ дызэрезэуар ди тхыдэм, цIыху цIэрыIуэхэм я фэеплъэр Iутхьу!

ДызэреплъымкIэ, политикэ залымыгъэхэм ихьаехэм дигу ящIэгъу, абыхэм я Iыхьлыхэм я гурыгъу-гурыщIэхэр зыхэтщIэу, захуагъэщ псори зэрыщытым хуэдэу къэдгъэнэжьныр, сыту жьлпIэмэ нобэ дэ тлъэкIынукъым икIи хуитныныгъэ диIэкъым Кьалмыкъ БетIалрэ ар щыпсэуа лъэхъэнэмэ ятеухуа зы унафэ ткIий къэтщтэну. Езы БетIал Едыдж и къуэри абы и благъэ-Iыхьлыхэри Сталиным игъэува хабзэхэм яIащIэ-кIуэдзжащ. ПщIэну хьэлэмэтщ, Урысей Федерацэм щыпсэуэхэм я процент 60-м щIигур Сталиным и тельхьэу зэрыщытыр, лIащIыгъуэ блэкIам и 20 - 30 гъэхэм екIуэкIа политикэ залымыгъэхэм я биймии.

ЩЭМЕЙ Аслъэн,
тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и доцент,
КЪАЛМЫКЪ Жьлэбий,
тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, Граждан жылагъуэм и институтхэм зегъэужьынымкIэ комиссэу КъБР-м и Iэтащхьэм и деж щылажьэм хэт.

Къалмыкъ БетIал и ныбжьэгъу революционерхэм яхэсщ. *1925 гъэ*

● ЩIэныгъэлIхэм я псалъэ

Дэтщ Налшык Къалмыкъ БетIал и фэеплъ.

КІыщ Мухьэдин и дунейр

● Ди псэльэгъуэр

УФ-м щІыхь зиІэ и художник, КЪБР-м и цІыхубз сурэтыщІ, ЩІДАА-м и академик, Испанием щыпсэу, щІэх-щІэхыурэ Налшык къэкІуэж ди хэкуэгъу КІыщ Мухьэдин редакцэм и хьэщІащ. Иужь зэманым абы зэфІигъэкІа лэжьыгъэхэр, и ехьулІэныгъэхэр, зылэрыт Іуэхуэхэр гъэщІэгъуэнщ. Аращ ди зэпсэльэныгъэр зытеуохуари.

- Мухьэдин, уи илъэс 75-м ирихьэлІэу выставкэхэр щІыналъэ кІуэдым къызэрыщохъуІар гуапэщ. Уи лэжьыгъэхэр Гроэнэ къалэм и Пльэпкъ музеим зэрыщыбгъэльэгъуэми дыщыгъуазэщ. Кавказ Ищхъэрэм и хэгъуэгуэхм Щэшэн Республикэр къыхэпхыным сыт щхьэусыгъуэ хуэхъуар?

- Москва Художникхэм я унэшхуэм си юбилей выставкэр нэгъабэ дыгъэгъазэ мазэм щекІуэкІащ. Абы зыкъызэІащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ республикэм щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдинрэ. Апхуэдэ гъэльэгъуэныгъэ мэлыжьыхь мазэм Налшык и Пльэпкъ музеймкІэ кьыщызэрагъэпэщащ. Зэхьыхьэхэр екІуу, щІэщыгъуэу ирагъэкІуэкІащ, Пэжыр жыс Іэнщи, Налшык щІэныгъэлэжьыгъэ, и ехьулІэныгъэ щІыгъуэ, щІэныгъэ, и псэ щыгъуэ, и ухуэныгъэхэр, абы щыпсэуэхэм я хьэл-щэнхэр сигу ирихьащ. Республикэм и Іэтащхьэ Кадыров Рамзан я щІыналъэм фІыуэ зэрызыгурэужьар нэрылъагъуэ, Кавказ Ищхъэрэм и щІыпІэхэм куэдкІэ ефІэкІыу. Абы и лэжьакІэр, и хьэл-щэнкІэ, и дуней тетыкІэр хуабжьу сигу дохьэ. Нэхъыщхьэраща, и цІыхухэр кьеГъэдэІуэф икІи мамыру егъэпсэу. Кадыров Рамзанрэ и адэмрэ я сурэтхэр сщІащ, я ехьулІэныгъэхэр къэспльытэу, пщІэ яхуэсщІу. Щэшэным щысПсэгъуэхэм сыхуэгъэшурт Испанием сыкІуэжа нэужь, «Щэшэн зэщІэгъагъэ» серием иужь сихьащ.

Щэшэным выставкэр тшэным и пэ къихуэу, Налшык дыкъэкІуэжри, КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм Гроэнэ къалэм и Пльэпкъ музейм пльэу тхыгъэ игъэхьащ, я щІыналъэм техууа си лэжьыгъэхэм я гъэльэгъуэныгъэ къыщызэрагъэпэщыну. Апхуэдэу, Щэшэным Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и планым хигъахьащ «Пльыфэхэм я макъамэ» си выставкэр. Гъэлъэгъуэныгъэм къызэщІиубыдэрт «Щэшэн зэщІэгъагъэ», «Си Къэбэрдей-Балъкъэр», «Си Андалузие», «ЩІыуэпсым сызэрыхуэзэшыр», «Хьэрш», «Си щэшэн ныбжьегъуэхэр» сериехэр. Абы зынрагъэхьэлІащ КЪБР-м и музейхэм я унафэщІэхэмрэ я лэжьакІуэхэмрэ, си ныбжьегъуэ сурэтыщІхэм, ГъуазджЭм дихьэхэм. Лэжьыгъэхэр хуабжьу ягу зэрыдыхьар, дауи, гуапэ сщыхьащ. Выставкэр мэкъуауэгъуэр икІыху Гроэнэм щагъэльэгъуэнущ. Абы хэзгъэхьа лэжьыгъэхэр Испанием тшэжьнукъым.

- Уи лэжьыгъэхэр зыщІэлъ музей Испанием къызэрыщызэІуахынум теухуа хьыбар гуапэ зэхэтащ. Абы и гугъу кьытхуэпщІамэ арат.

Къэбэрдей-Балъкъэрым музей къыщыхуэзІуахыну илъэс зыбжанэ хьуауэ сыкъагъэгугъэми, зэкІэ я Іуэхур кІуатэркъым. Зэгуэр абы дамэ кьыстригъакІэри, лэжьыгъэ мин Испанием къисшыжат... Иджы апхуэдизэ суратыр си мастерскойм щІэмыхуэу, гаражым нэгъунэ щыхсхуымэн хуей мэхъу.

Испанием и Барбаты кьалэм пэгунэгъуу солажьэ икІи абы щыпсэуэхэм фІыуэ сыкъалІыху. Иджыблагъэ кьалэм и Іэтащхьэр щІэрыщІэу хахащ. Абы кьыхилъхьащ тенджьэ Іуфэм деж етІанэгъэ музей кьыщыхуэзІуахыну икІи си цІэр зезыхьэ фонди абы егъэщІыпІащ. Кьыззрагъэпэщыну, Жаклин сэрэ драгъэблагъэри, кьалэм дэт унитІ-щым дыхагъэдащ, музей кьыщыззІупхыным нэхъ кьеезэгъыр кьыхьидагъэхыну. Зи инагъыр метр зэбгъуэнатІэ 500 хьууэ кьыхэтха ухуэныгъэр нэхъапэм театру щытащ. Ар зэрагъэпэщыжу етІанэгъэ гъатхэм музейр кьызэІуахыну я мурадщ. Кьалэм и Іэтащхьэм кьызэрыпльытэмкІэ, щІыналъэм зыгъэпсэхуакІуэ нэхъыбэ кьешэлІэныкІэ ар кьахуэщхьэпэнущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщыхуэуа сэркІэ насыпышхуэщ икІи пщІэшхуэщ хамэ къэралым си лэжьыгъэхэр зэрыщыщагъэльэгъуэнур. Ар сэркІэ куэд и уасэщ. Сурэт куэд къэзмышэжу иджыри Испанием кьэнащ. Пэшитху хъуну музейм щІэтлъхьэнухэр зытеуха темэ и лъэныкъуэкІи я инагъ-цІыкІуэгъкІи зэщхьэщІыкІыу ГъунэжкІ щыІэщ.

- ДызыхуэкІуэ зэманым творчествэ и лъэныкъуэкІэ къыппэщылъ мурадхэмрэ къалэнхэмрэ зыхуэдэр тфІэгъэщІэгъуэнщ.

- Сэ сериеурэщ лэжьыгъэхэр зэрысщІыр. Апхуэдэхэщ «Си Къэбэрдей-Балъкъэр», «ЩІыуэпсым сызэрыхуэззышыр», «ТІу», «СурэтыщІым и макъ», «Си Андалузие», «Мамырыгъэм и сурэт». Абыхэм зэпымыууэ пызощэ. Абы и лъэныкъуэкІэ лэжьыгъэ ныкъуэщІэхэри, зи ужь сихьэну си мурадхэри мащІэкъым. Музейм щахъумэнухэм хэзгъахьэн папщІэ Испанием нэхъ тегъэщІауэ кьеезгъэжьа лэжьыгъэхэм нэхъ зеэгъэубгъунущ. Аущ, дауэ хьми, си Къэбэрдейм техуха темэр зэи сигу ихуркъым. Ди щІыналъэм и дахагъэр, ибгъэр кьызэрыщІ лэжьыгъэхэр зэпымыууэ кьыздызошэж. Испаниеи сыщыпсэуми, зэпымыууэ си гур Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыхуопабгъэ.

- Республикэм укъыщыкІуэжкІэ дауэ зыбгъэпсэхуу?

- Музейхэм щекІуэкІ гъэльэгъуэныгъэхэм сфІэфІу сопльэ. СурэтыщІ нэхъыжьхэм ящыщу Къэпэ Мухьэмэд (и ахърэтыр нэху ухъу!), Сэвкіуий Хьэмид, Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, Тхьэзэплъыж Руслан, Ахъмэт Лиуан, Црым Руслан, ГъущІапщэ Арсен сымэ я лэжьыгъэхэр сигу ирохь. ЗэфІэкІ зыбгъэдэлъ щІалэгъуалэ куэд кьызэрытщІэхьуэри гуапэщ. Абыхэм ящыщщ иджыблагъэ зи лэжьыгъэхэр утыку кьрахьа Хъалил Миланэ. Уэзрыгушхуэ хъун, Москва, Санкт-Петербург дэс художник нэхъ щІалэхэм зыкІи емыфэгъуэкІ апхуэдэ сурэтыщІ 30-м нэблагъэ дэс Іуэдащ. Аращи, си къэтравкэ Налшык кьыщыщызэрэзэпэщкІэ хэплъхьаныгъэхэр кьыхьызох, зэфІэкІ ин зиІэ си лэжьэгъуэхэм дагъуэхэр хуамышІын хуэдэу.

Адыгэ радиомрэ телевиденэмрэ я нэтынкъэ ящыщат зэманыр зэзгъэщІауэ сфІэгъэщІэгъуэну содАуэ, сопльэ. Адыгэ радиор жащ-махуэ имыІэу зэпымыууэ зэрыльажьэр си гуапэщ. КъыжьІапхъэщ, радиом и программэм зэрызрагъэхъуэжам и фІыгъэкІэ, республикэм и гъащІэм, и псэукІэм, щэнхабзэм, гъэсэныгъэм, нэгъэущІ куэдым техуухэр кьызэщІэзыубыдэ нэтынхэм нэхъ удахьэх зэрыкъуар. Куэдрэ кьызытрагъэззэж, щІэпсэужагъуэ нэтынхэр Іэщыбгъ зэращІар фІыщ. Псом хуэмыдэу щІэщыгъуэ сщохьу Теувэжькъуэ Марьянэрэ Мэремкъуэ Ларисэрэ ягъэхьэзырэр.

Бжьыхьэм и щэкІуэгъуэ мазэм ирихьэлІэу иджыри дыкъэкІуэжыну ди мурадщ. КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий и жэрдэмкІэ, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгурыхьэр илъэс 460-рэ щыкІуэм хуэунэтІауэ Тхаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэ Сурэтыщі Іуэдащ. Іуэдащ зэрыщыщагъэльэгъуэнур. Абы куэду хэзгъэхьэнущ зэи ямыльэгъуа си лэжьыгъэщІэхэр.

- Тхьэм уигъэпсэу, Мухьэдин! Дяпэкіи дунейпсо гъуэзджэхэр бгъэбеину, уефІэкІуэну, льэгаралІэщІэхэм ухуэкІуэну ди гуапэщ.

Епсэльар **ТЕКІУЖЬ Заретщ.**

«Шапсыгъхэм» Абхъазым зыкъыщагъэлъагъуэ

● Гъуазджэ

Хеишхуэ Руслан, Зантарие Владимир, КІэкІыхъу Мэжид.

Лазаревскэ щыналъэм Адыгэ щэнхабзэмкІэ дэт центрым и унафэщІ Хеишхуэ Руслан и «Шапсыгъэр» къэфакІуэ гупымрэ иджыблагъэ Абхъазым щыхьэщІащ.

- ДИ ЩІЭБЛЭР зэрыдгъэщІыхуным и мыхьэнэр инщ. Дэ ди къуэпсыр зыщ. Ди адэжьхэр зэкъуэту щытащ, дяпэкІи, Тхьэм жиІэмэ, дызэкъуэтынущ.

Абхъазым дызэрыкІуар зи жэрдэмыр ансамблым хэт ныбжьыщІэхэм я адэ-анэхэращ. Іуэхур кьыддиІыгъащ щІыналъэм и «Адыгэ хасэм» и унафэщІ КІэкІыхъу Мэжид. Къэфакіуэ гупым заужьын папщІэ я зэфІэкІыр щІыпІэ нэхъыбэм щагъэлъэгъуэн, адрейхэм я утыку итыкІэми еплъын хуейщ. Мыхьэнэшхуэ иІэщ ныбжьыщІэхэм а щІыналъэм и дахагъэр, и цІыхухэм я гуапагъэр я нэкІэ зэралъгъуам, - жиІэ Хеишхуэ Руслан.

«Шапсыгъхэм» Абхъазым ныбжьэгъу куэд щаІэщ. Илъэс зыбжанэ ипэкІэ абыхэм Абхъазым и щІыналъэхэмрэ къалэхэмрэ зыкъыщагъэльэгъуауэ щытащ. Иджы «Зэныбжьэгъугъэм и концерт» фІэщыгъэм щІэт пшыхь кьызэрагъэпэщащ Гагрэ щыІэ «Абрытын» («Гъэжькъуий») кьэфакІуэ гупым дэщІыгъуу.

- Абхъазым зыкъыщыбгъэльэгъуэну тыншкъым.Ар жэуапльныгъэ ин зыпылъ Іуэхущ, льэпкъ къафэр фІыуэ ильагъурэ хащыкІыку куэд щопсэу абы. Дэ зыкъыщыдгъэльэгъуар Абхъазым и япэ президент Ардзинбэ Владислав и цІэр зезыхьэ музейращ. ЦІыху куэд дыдэ къэкІуэлІат абы, - кьыддогуашэ Руслан.

Концертыр кьызэзыгъэпэщахэм яхэтащ Абхъазым щыІэ «Адыгэ Хасэм» хэтэу АфІэунэ МуІзэд, Жэткэр Зиуар, Къардэн Науэрхъан сымэ, Абхъазым щІыхьэ творчествэмкІэ и центрым и унафэщІ Кварчие Нурий, «Афыртын» ансамблым и унафэщІ, Абхъазым щІыхь зиІэ и артист Кецбэ Лев, Абхъазым щІыхь зиІэ и артист Шамбэ Закан, Зауэ щІыхьым и музейм и унафэщІ Бейе Мзие сымэ.

Шапсыгъым икІа хьэщІэхэм Абхъазым и унафэщІым кьыбгъэдэкІыу фІэхъус кьарихащ президентым и чэнджэщэгъу Зантарие Владимир.

- Абхъазэхэм адыгэ лъпкъым яхуэтщІ пщІэр гуынэнщэщ. Быдэу си фІэщ мэхъу мыпхуэдэ зэІущІэхэм кьызэрыпащэнур. Зауэм текІуэныгъэ кьызэрыщІытхьрэ илъэс 25-рэ зэрырикъур дгъэлъэпІэну зыхудогъэхьэзырри, ди кьуэш лъэпкъхэм а махуэр кьыдадаІуныну фыкьыдогъэблагъэ. Ди текІуэныгъэр ди зэкъуэтыныгъэм и щыхьэтщ, абы и льабжьэри пасэ зэманым кьыщожьэ, кьыхихигъэщащ Зантарие Владимир.

Ансамблым хэт цІыкІухэм я фащэкІи я утыку итыкІэкІи ядзбгъэщ щыІэтэкъым. «Шапсыгъэр», «Афыртын» гупхэм зызэрахъуэкІыкІрэ щхьэж и лъэпкъ щэнхабзэм иІэ щхьэхуэныгъэхэр ягъэлъэгъуащ.

- ЛьэпкъитІым я щІэблэм нэгуэныжь пшыхь гухэхъуэу ди пащхьэ кьралъхьащ, - кьыхихигъэщащ Кецбэ Лев. - «Афыртын» ансамблыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 15 зэрырикъур мы гъэм и накъыІэ мазэм Іэтауэ ягъэлъэпІащ. Иджыкіэ абы ныбжьыщІэ 200-м нэблагъэм зыщагъасэ. Хуабжьу дыщогуфІыкІ ди щІэблэр льэпкъ кьафэм зэрыдихьэхым. НыбжьыщІэхэм яку зэныбжьэгъугъэ быдэ дэлъу кьэгъэтэджыныр дэращ зи пщэрылъыр.

- Мыпхуэдэ щэнхабзэ зэдзэгуащэ Іуэхуэхэм ди гуапэ дыдэу дыхэтщ. Дэ сыт хуэдэ зэманми дызэкъуэтащ икІи дызэрыІыгъынущ, - жиІащ КІэкІыхъу Мэжид кьыщыпсалъэм.

НЫБЭ Анзор.

● Гулъытэ

Дин лэжьакІуэхэр ядоІэпыкъу

Тезырхэр егъэпшыныныкІэ и федеральнэ къулыкъым и управленэу КЪБР-м щыІэм и колние №1, №3, КП №5-хэм ис тутнакъэм яІущІащ КЪБР-м и Мусльымэнхэм я дин Іуэхущ Іапэм и лыкІуэхэр.

УФСИН-м и унафэщІым дин Іуэхуэхэмкіэ и дэІэпыкъуэгъу Болэ Айвар ящІыгъуу дин лэжьакІуэхэр ягъэтІысасхэм епсольащ дин зехьэкІэм, хабзэм тетыным, нэгъуэщІ дин зыІыгъэхэм, диныр зи фІэщ мыхъуэхэм тэмэму яхущытын зэрыхуейм теухуауэ.

Хьэпсым исхэр абыхэм гупсэхуу кьедэІуащ, упщІэхэр кьратащ. КЪБР-м и ДУМ-м и лыкІуэхэм упщІэхэм жуаап иратащ, исльамым теухуауэ зыщІэупщІэн щыІэмэ, кьадэІэпыкъуну зэрыхьэзырыр жаІащ.

- Дин лэжьакІуэхэр щІэхщІэхьурэ я хьэщІащ зэгъэтІысасхэм. КъыщІэхуэхэм зыкъащІэжу гъэзгу захуэ теувэжьныкІэ щыІэ Іэмалхэм ящ динир, ар исльамырами, чристиан рами. Си фІэщ мэхъу дыззрызэдзлажьэр сэбэп зэрыхьунур тезырыр зыпшыныжьхэр фІым хуэущинымкІэ, хуит хьужа нэужь, тэмэму дунейм тетыным хуэгъэсэнымкІэ, - кьыхихгъэщащ Болэ Айвар.

Урысей ФСИН-м и къудамэу КЪБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Гъэмахуэ-2017

Мыхьэнэшхуэ ират

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхуэгъуэ зэманыр кьызыхуэтыншэу кьызззгъэпэщыным мы лъэхъэнэм дэнэкІи гулъытэшхуэ щрат. А Іуэхум теухуа лэжьыгъэ щыпІэ администрацэм и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ КІарэ Элинэ. Мы зэманым абы щылажьэ гъэмахуэ лагерхэм зыщагъэпсэху сабии 100-м щІигъум. Абыхэм я нэхъыбапІэр бынунагъэущхуэхэм, зыхуэі хуэмызэ унагъуэхэм кьахэкІащ.

ЛАГЕРХЭР кьыщызІуахащ Шэджэм кьалэм дэт курыт школ №1-мрэ Шэджэм ЕтІуанэ кьуаажэм дэт курыт школ №3-мрэ. Иджыпсту абы щыІэщ пэщІэдзэ классхэм, курытхэм щеджэ цІыкІухэр. Зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэр махуэ 21-рэ мэхъури, гъэсакІуэхэр хущІокъу абы щыщ дэтхэнэри купщІафІэу, хьэлэмэту, щІэ гуэр кьащІэу сабийхэм зэрагъэкІуэным.

Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм хуэкІуэу кьызззгъэпэщащ лагерым щекІуэкІ лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ псори. ЦІыкІухэр кьуат зыщІэсыр ерыскъым зэмылІэужьыкъуэхэмкІэ ягъашхэ, зыгъэпсэхугъуэ зэманым тещІыхьа планхэм япкъ иткІэ, ари кьызыхуэтыншэу кьызззрагъэпэщ. Абыхэм кьызззщІаубыдэ сабийхэм я нэгу зегъужьынри, я къуэхым, зэхэщІыкІым хэгъэхъуэнри, эстетикэ, хэкупсэ гупсысэхэм хуэущинри. НыбжьыщІэхэм драгъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм ящыщщ гъуэгум щынагъуэншэу тетыным, мафІэс къэмыгъэхъуным, хьэл мыхъумыщІэхэм ахэр щыхьумэным ехьэлІа псалъэмакъэхэр ядегъэкІуэкІыныр. Апхуэдэу сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр кьызыхуэтыншэу, щынагъуэншэу кьызззгъэпэщыным гулъытэ егъуэт.

Щэнхабзэм, гъуазджэм сабийхэр дегъэхьэхыным щолІалІэ лагерхэм. НыбжьыщІэхэр жыдэжру хэтщ творческэ гупжьей зэмылІэужьыкъуэхэм, лагерым щекІуэкІ концертхэм. Апхуэдэ пщыхь дахэ иджыблагъэ кьыщызэрагъэпэщащ Шэджэм ЕтІуанэм дэт курыт школым щылажьэ «Пкъымызагъэ» («Непоседа») сабий лагерым. ЦІыкІухэм ягъэззэщащ щалъхуа щІынальэм теухуа уэрэд цІыкІухэр, къэфащ, усэхэм кьеджащ.

Адэ-анэхэм социальнэу зыщІагъэкъуэн папщІэ Шэджэм районым мэкъуауэгъуэ мазэм щылэжьэнущ сабий гъэсапІэ псори.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Истамбыл ирагъэгъэзэж

2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэхъуэмэ управленэу КЪБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм «Напшэ» аэропортым кьыдамыгъэкІыну Истамбыл ирагъэзэжащ Урысей Федерацэм кьихьэну хуитынигъэ зимыІэ, Тыркум щыпсэу Барбарос Йылмаз (1977 гъэм кьалъхуащ).

НэхъапэгъуэкІэ Б. Йылмаз Урысейм и щІыналъэм щыІэу ди къэралым щызекІуэ хабзэм щебэкъуа кьэхъуащ.

2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м ар ирагъэтІысхьэжащ Тыркум кІуэ кьухьалъэм.

КЪБР-м щыІэ Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэхъуэмэ управленэм и пресс Іуэхущ Іапіэ.

Апхуэдэщ Амыдэ

● Фыщіэ псалъэ

Дзэлыкъуэ щІыналъэм хыхьэ Къамылыкъуэ къуажэм дэт курыт адыгэпІэм щолажьэ а Іэщ Іагъэм къыхуигъэщІащ жыхуаІэм хуэдэ егъэджакІуэ Выкхъэ Амыдэ Латіиф и пхъур.

АР и ІэнатІэм пэрытщ илъэс куэд хъуауэ. Амыдэ сабийхэм гулъытэ яхуищу, ахэр фІыуэ иІыгъуу ядолажьэ, икІи нэрылъагъуущ. ешыми пщІэ кьызэрыхуащІыр.

Амыдэ щІэныгъэм кьинэмыщІауэ, дэтхэнэ еджакІуэми хабзэрэ нэмысрэ зэрахилъхьэным яужь итщ. Псом хуэмыдэу ар зэгугъур анэдэлъхубзэращ. ЕгъэджакІуэм и бзэгугъэм телъщ усакІуэ Бещтокъуэ Хьэбас и псалъэхэр: «Бзэр тІэщІэкІмэ, докІыдыр». Нало Заур и псалъэхэри сабийхэм захуигъэщІэну яужь итщ: «Адыгэпсэ, нанэ и псэ. Адыгэбзэ, дадэ и бзэ».

Ялп лъэбакъуэхэр кьуат еджапІэм щІэзычэ сабийхэм Амыдэ яжреІэ: «Мы дуней щы щыІум адыгэбзэм нэхъри нэхъ телъыджэ теткъым. Дэтхэнэ цІыхуми, кьыгуэхьипІэ имыІэу, щІыгъуу и бзэр, и анэбзэр».

ЦІыхур сыт щыгъуи мэгугъэ. Гугъэ дахэ зиІэр насыпыфІэщ. Апхуэдэ гугъэ дахэхэр, хьэупсапІэхэр яІэщ Амыдэ зи ягъэгъэджакІуэ ящІащ щІалэгъуалэм: «ДызоплъэкІыжри, мы гъащІэ мащІэ дыдэ къэдгъэщІам кьыдгурыІуэращи, дэтхэнэми нэхъыщхьэу хэлъыпхъэр напэ, цІыхугъэ, акъыл жыхуэтІэращ. А хьэл-щэнхэр къыпхэзылъхьэ хабзэхэр адыгэхэм къадогуэгурыкІуэ. А гупсысэ дахэхэм, Іэфіхэм дыхуэзыша ди япэ егъэджакІуэ Выкхъэ Амыдэ сыт щы-ГъуэфІыщІэрэ пщІэрэ хуэтщІынущ».

ВЫКХЪЭ Аринэ.

● Зэпеуэхэр

Я къарур здынэсыр

Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэралуниверситым иджыблагъэ щекІуэкІащ студентхэм я спартакиадэ.

АСПИРАНТХЭМРЭ студентхэмрэ я зэхьэзэхуэм хэтахэр спорт лІэужьыгъуийкІэ зэпеуащ: минифутболымкІэ, волейболымкІэ, шахматхэмкІэ, псы есныжьымкІэ, гырэ къэІэтыныжьымкІэ, бадминтонымкІэ, кІапсэкІэ зэпекъуныжьымкІэ. Абы хэтащ еджапІэ нэхъыщхьэм и къудамэ 13-м щІэс студент 1000-м щыгъу. Дэтхэнэ зы зэпэщІэтыныгъэри удэзыхьэхыу, жыджэру екІуэкІащ.

ЦІыху куэд зыхэта зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щаубыдащ КъБКъУ-м педагогикэмкІэ, психологиемкІэ, физкультурэ-спорт щІэныгъэмкІэ и институтым, етІуанэ уВПІэр зыІэрагъэхьащ медицинэ колледжым и гупым, ещанэ хуэхэщ архитектурэмкІэ, ухуэныгъэмрэ дизайнымкІэ институтым и студентхэр.

Турнирыр кьызззыгъэпэщар КъБКъУ-м и спорт-клубымрэ университетым ЩІалэгъуалэ политикэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ и къудамэмрэщ.

Университетым и спорт-клубым и унэгуфІ Унэж Рустам зэрыжиІамкІэ, еджапІэ нэхъыщхьэм мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэр иджы 34-нэрэ щекІуэкІащ.

- Мыр цІыхушхуэ кьызззкІуалІэ, дэтхэнэ студентри аспирантри и кьару щепльыжьфыну зэпеуэщ. ИкІи нэхъыщхьэр текІуэныгъэрэкъым, атІэ уэзрыхэтар, уи кьару здынэсыр зэрыбгъэльэгъуар аращ. ИкъукІэ гухэхъуэщ я гупхэр трагъэкІуэн папщІэ гугъу зэрызрагъэхьым укІэтыльпльыну. Мы Іуэхур щетхьэжьэм дызыхущІэкъуар абы цІыху нэхъыбэ кьыхэтшэныратри, ар кьыдэхъулІауэ жыпІэ хъунущ, - кьыхихгъэщащ Унэжым.

Спартакиадэм щытекІуэхэмрэ абы кьыхэжаныкІахэмрэ ягъэльэпІащ, саугъэт нэхъыщхьэр - КъБКъУ-м и кубок зэІапэхьыр - пашэныгъэр зыубыдащэхэм ираташ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьакІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэс Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ШЫхьэщмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьынымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытехаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КЪБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитынигъэр хъуэмэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьакІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэру* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютерк Іэ газетым и тепІэр ящІащ* **Дол Мариэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тралъэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.723 ● Заказ №823